

Kitab Suci Bocah
nyuguhaké

Gusti Yésus
Maringi Mangan
5.000 Wong



Ditulis déning: Edward Hughes

Digambari déning: Janie Forest
Alastair Paterson

Dibesut déning: Ruth Klassen

Diterjemahaké déning: Maryudha

Diproduksi déning: Bible for Children
www.M1914.org

©2022 Bible for Children, Inc.

Kowé duwé hak motokopi utawa nyithak crita iki,
waton ora kanggo diedol.



Akeh pemimpin agama
(sing diarani wong
Farisi) sing ngapusi
bab Yésus.

Sawetara malah nyoba
mateni dhèwèké. Wong-
wong kuwi ora
ngandel nek
Panjenengané
kuwi
Putrane
Gusti
Allah.



Wong-wong mau ora nampa Panjenengané senajan
Panjenengané nindakke mukjijat-mukjijat sing
mbuktekke Panjenengané
kuwi Putrane Gusti
Allah.



Ing sawijining dina, Yésus nyabrang segara Galilea.
Mbok menawa Panjenengané pengin istirahat
sethithik saka wong akeh sing tansah nglumpuk
ing sakiwa-tengene
Panjenengané.




Nanging wong-wong enggal-enggal ketemu karo Panjenengané. Wong-wong mau ngerti Gusti Yésus nindakke mukjijat-mukjijat sing gedhe. Padha kepengin cedhak karo Panjenengané.




Gusti Yésus nuntun murid-muridé menyang panggonan sing sepi, panggonan Panjenengané lenggah lan mulang. Akeh wong sing padha teka. Ora let suwe wektune mangan. Kabeh wong mesthi wis luwe.



Gusti Yésus mirsani wong akeh. "Ing ngendi kita bakal tuku roti supaya wong-wong iki bisa mangan?" dhèwèké takon marang Filipus. Ora ana toko panganan ing kene. Apa sing arep ditindakke Yésus?




Filipus mangsuli marang Gusti Yésus: "Perlu dhuwit akeh kanggo makani wong akeh iki." Yésus lan para muridé ora nduwe akeh dhuwit.




Sakabat liyane, yaiku
Andréas (saduluré Simon
Pétrus) kandha marang
Yésus, "Ing kene ana
bocah lanang sing duwe
roti gandum lima lan
iwak cilik loro..."



"...nanging apa cukup?" Andréas ora iso weruh carane sangu awane bocah cilik bisa menehi panganan wong akeh banget - sanajan bocah kuwi gelem menehke sangune marang Gusti Yésus.



Yésus ngandika, "Wong-wong pada linggiha."
Wong-wong mau banjur padha linggih, cacache
kira-kira limang ewu. Wah! LIMANG EWU!
Ora kalebu wong wadon lan bocah-bocah.



Banjur, Gusti Yésus mundhut roti lan iwak.
Bocah cilik kuwi mesthi percaya karo Yésus.
Dhèwèké ora ngerti sebabe
Gusti Yésus pengin dahar siang,
utawa apa sing bakal ditindakake
dening Gusti Yésus. Dhèwèké
bisa uga mikir, "Yen aku menehi
sanguku, aku
ora bisa
mangan."
Nanging tetep
diparingake
marang
Gusti Yésus.




Banjur, Yésus ndedonga.
Panjenengané ngucap
syukur dening Gusti Allah.
Kanggo roti lima lan
iwak loro? Ya! Yésus
ngandika, "Matur nuwun"
marang Gusti Allah
lan nyuwun mberkahi
panganan mau.



Sakwise ndedonga, Gusti Yésus nyuwil-nyuwil roti lan iwak-iwak mau lan diwenehke marang murid-muridé lan diedum-edum ing antarane wong akeh. Wong-wong weruh mukjijat sing ditindakke Yésus. Saben kabeh wong mangan sing dikarepake. Nanging roti lan iwak mau durung entek-entek.



Sawise kabeh padha mangan, isih akeh turahe roti lan iwake. "Klumpukna, supaya ora ana sing sisa," Gusti Yésus ngandika marang para murid. Rolas wakul kebak turahane sak wise wong-wong mau padha mangan.



Dina kuwi, Yésus nyedhiyani luwih saka
5.000 wong nganggo mangan awan.
Ing wektu liya, Panjenengané maringi
mangan luwih saka 4.000 wong nganggo
roti pitu lan iwak sawetara.



Nalika wong-wong mau padha weruh
pratandha-pratandha iki, padha ora
kuciwa kaya wong Farisi. Nanging
wong-wong mau padha kandha, "Iki
satemene Nabi kang bakal rawuh ing
jagad." Padha ngerti
Gusti Yésus iku
Juruwilujeng
Kang rawuh
dijanjekake
ing Sabda
Allah kang suci.



Gusti Yésus Maringi Mangan 5.000 Wong

Crita saka Pangandikané Gusti, Kitab Suci

bisa digolèki ing

Yokanan 6

"Kawedharipun pangandika Paduka punika
madhangi." Jabur 119:130



Cunthel



Crita Kitab Suci iki nyritaaké bab Gusti Allahé awaké dhéwé sing luwar biasa, sing nitahaké kita kabèh, sing ngersaaké supaya kowé wanuh marang Panjenengané.

Gusti Allah pirsá yèn awaké dhéwé wis nglakoni prakara sing èlek-èlek, sing disebut déning Gusti Allah, dosa. Ukumané dosa iku pepati, nanging Gusti Allah banget olèhé ngasihi marang kowé, mula ngirim Putrané Ontang Anting, utawa Putra sing ora ana Tunggale, asmané Yésus, supaya séda disalib. Yésus diukum sebab dosa-dosamu. Banjur Gusti Yésus wungu manèh saka séda lan kondur menyang Swarga! Yen kowé pracaya marang Gusti Yésus lan nyuwun pangapura tumrap dosa-dosamu, Panjenengané bakal maringi pangapura! Panjenengané bakal rawuh lan urip nang atimu saiki uga, lan kowé bakal urip bareng Panjenengané saklawasé.

Yen kowé percaya yen iki bener, mara matura marang Gusti mengkéné: Gusti Yésus ingkang kawula tresnani, kawula pitados bilih Paduka punika Gusti, lan sampun manjalma dados manungsa supados séda kanggé nyirnaaken dosa-dosa kawula, lan sakpunika Paduka sampun gesang malih. Mugi rawuha ing gesang kawula lan apuntenana sedaya dosa kawula, supados kawula nggadhahi gesang énggal ing wekdal punika, lan Bénjang badhé sesarengan kaliyan Paduka salaminipun. Mugi mitulungi kawula supados saged tansah mbangun turut dhumateng Paduka sarta gesang kagem Paduka, dados putra Paduka. Amin.

Maca Kitab Suci lan geguneman karo Gusti Yésus saben dina! Yohanes 3:16

